

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dina ieu bab dipedar hal-hal anu kapanggih dina prosés panalungtikan jeung kacindekan tina hasil panalungtikan kalayan nyoko kana tujuan anu geus dirumuskeun saméméhna, pikeun mikanyaho kamampuh ngagunakeun undak usuk basa Sunda ngaliwatan tés nulis surat pribadi.

Tina hasil analisis bisa dicindekkeun yén tina 40 siswa, 11 siswa kaasup katégori alus pisan (nya éta no: 3, 4, 5, 6, 8, 11, 12, 18, 24, 29, jeung 40), 11 siswa kaasup kana katégori alus (nya éta no: 1, 2, 9, 17, 21, 22, 23, 27, 30, 31, jeung 38), 7 siswa kaasup katégori cukup (nya éta no: 7, 19, 25, 28, 31, 33, jeung 37), 6 siswa kaasup kana katégori kurang (nya éta no: 10, 14, 15, 16, 20, jeung 36), jeung 5 siswa kaasup kana katégori goréng (nya éta no: 13, 26, 34, 35, jeung 39).

Jadi surat anu teu *qualified* aya 27,5% (11 siswa), sésana 29 siswa nyumponan kana 60% ngawasa kamampuh ngalarapkeun undak usuk basa Sunda, lamun diperséntasikeun aya 72,5%.

Jumlah kecap nu dipkaé dina sakabéh surat pribadi siswa aya 2165 kecap, nu kabagi kana 1164 kecap loma, 633 kecap lemes keur ka batur, jeung 376 kecap lemes keur sorangan. Tina 1164 kecap loma 803 kecap merenah, 361 kecap teu merenah. Tina 633 kecap lemes keur batur 365 kecap merenah, 268 kecap teu merenah. Tina 376 kecap lemes keur sorangan 286 kecap merenah, 90 kecap teu merenah.

Lamun diperséntasikeun kamampuh siswa dina ngalarapkeun basa loma nepi ka 69%, sedengkeun dina ngalarapkeun basa lemes keur batur 58%, jeung basa lemes keur sorangan nepi ka 76%. Jadi kamampuh siswa dina ngalarapkeun basa lemes keur sorangan leuwih hadé ti batan ngalarapkeun basa loma jeung basa lemes keur batur. Kasalahan ngalarapkeun basa lemes keur sorangan leuwih saeutik ti batan kasalahan ngalarapkeun basa loma jeung basa lemes keur batur.

kasalahan siswa dina ngalarapkeun basa lemes keur batur nepi ka 42%, leuwih loba ti batan basa loma (31%) jeung basa lemes keur sorangan (24%). Kasalahan dina ngalarapkeun basa lemes keur batur lolobana pahili jeung basa lemes keur sorangan atawa jeung basa loma.

Dumasar kana hasil di luhur bisa katitén yén kamampuh siswa dina ngagunakeun basa loma kaasup cukup. Kamampuh siswa dina ngagunakeun basa lemes keur batur kaasup kurang. Sedengkeun kamampuh siswa dina ngagunakeun basa lemes keur sorangan kaasup alus.

## 5.2 Rékoméndasi

Dipakéna undak usuk basa Sunda téh dipiharep masarakat Sunda bisa silih ajénan jeung leuwih jauhna bisa mibanda budi pekerti anu luhung, bakal leuwih hadé hasilna lamun pangaweruh ngeunaan undak usuk basa dipelak ti bubudak. Kawajiban nepikeun pangaweruh ngeunaan undak usuk basa aya di kolot (di imah) jeung guru (di sakola).

### 1. Kolot (di imah)

Kolot kudu méré conto nyata keur gugueun jeung tironeun. Unggal kolot (urang Sunda) kudu méré conto ngagunakeun undak usuk basa Sunda anu

merenah. Tangtu éta kolot kudu boga pangaweruh ngeunaan undak usuk basa Sunda ogé. Ngajarkeun basa Sunda ka budak kudu ti leuleutik. Ulah nepi ka budak anu cicing di wewengkon Sunda téh teu apal kana basa wewengkonna, nu antukna basa Sunda téh leungit.

## 2. Guru (di sakola)

Guru salaku gaganti kolot nu aya di sakola, anu ngokolakeun prosés diajar ngajar, kudu méré motivasi ka siswa ngabiasakeun ngagunakeun undak usuk basa Sunda. Bisa ku jalan méré pancén anu kudu maké basa Sunda ka papada siswa, sangkan siswa bisa nyaho kana undak usuk basa Sunda.

